Mafungiro Akasiyana-siyana

Vadzidzi vachaongorora kuti mafungiro anoguma aita mumwe munhu akakosha zvakadini pakupepeta mashoko avanoisa paindaneti kana kuti anoiswa nevamwe. Vachanzwisisa kuti zvinhu izvi (zvakadai senguva, tsika nemagariro, nharaunda yepedyo kana yekure) zvinochinja sei zvinoitwa nemunhu ari paindaneti. Uyewo, vadzidzi vachaona zvingaguma zvaitika kuushamwari hwavo nevemumhuri, shamwari nevamwe vane masimba (vadzidzisi, vakuru vekubasa) zvichitevera mashoko avanoisa paindaneti.

Zvinhu

Mufananidzo Unovhiringidza waRubin
Nhoroondo yaKassra Yepaindaneti

Chii Chinonzi Mafungiro Anoguma Avapo?

Chikamu Chekutanga

Mutambo Wekirasi

Ratidza Mufananidzo Unovhiringidza waRubin pasikirini uchishandisa purojekita. Paunenge uchibvunza mibvunzo, ita kuti vadzidzi vasimuke vauye kuzonongedzera mufananidzo wavanenge vaona

Bvunza Vadzidzi Vako

Chii chaunoona paunotarisa mufananidzo uyu?

Vangani venyu vari kuona vhasi?

Vangani venyu vari kuona zviso zviviri?

Unokwanisa kuona zviviri izvi panguva imwe chete here?

Zvaunoona zvinogona kuenderana nepauri. Unofunga kuti chii chiri kurehwa neshoko rekuti mafungiro?

Mutambo Wekirasi

Nyora tsananguro dzevadzidzi pachidziro chemashoko.

Udza Vadzidzi Vako

Chatiri kuti mafungiro anoguma avapo maonero aunoita chimwe chinhu, pfungwa dzako.

Chikamu Chechipiri

Udza Vadzidzi Vako

Mumwe muenzaniso ndeuyu. Ngatiti shamwari yedu Azul apinzwa mutimu yenhabvu yepachikoro. Paanoudza amai vake kuti, “Ndakwana mutimu yenhabvu!”, amai vake vanodada naye.

Azul paanoudza shamwari yake yepamwoyo Raviv kuti akwana mutimu, Raviv anoti afara chaizvo nezvaitwa naAzul.

Azul anoudzawo shamwari yake Val kuti akwana mutimu yenhabvu. Zvisinei, Val anga achidawo kupinda mutimu iyi asi Azul ndiye awana nzvimbo yacho. Saka Val haasi kufara nazvo.

Azul inhengo zvekare yekirabhu yezvesayenzi, asi pari zvino ava kukundikana kuenda kuzvidzidzo izvi kuti aende kunodzidzira nhabvu. Paanoudza Dani purezidhendi wekirabhu yezvesayenzi, naiyewo haazvifariri.

Vanhu vese ava vane chekuita naAzul vanzwa mashoko akafanana: Azul awana nzvimbo mutimu yenhabvu.

Bvunza Vadzidzi Vako

Nemhaka yei zvavari kuita zvakasiyana kudai?

Nemhaka yei mafungiro avo akasiyana-siyana aine basa, uye ushamwari hwavo naAzul?

Ungafunga mimwe mienzaniso here yekuti vanhu vakasiyana-siyana vangaona sei chinhu chimwe chete zvakasiyana?

Nemhaka yei mafungiro avo aine basa?

Rodza Pfungwa

Chikamu Chekutanga

Mutambo Wekirasi

Kamura vadzidzi kuita zvikwata zvevanhu 3-4. Ipa boka rimwe nerimwe mapepa nezvinyoreso kana mapenzura.

Udza Vadzidzi Vako

Ndava kupa boka rega rega mapepa akanyorwa nhoroondo yekunyepedzera yaKassra nerimwe bepa rekunyorera. Pakapepa pakanyorwa zita remunhu anozivana naKassra. Muri boka, fungidzirai muchiona nhoroondo iyi yepaindaneti asi muchiita sekuti ndimi mune zita rakanyorwa pakapepa. Unofunga kuti Kassra ndiani? Ndezvipi zvamungafunga? Anofarira chii? Ndezvipi zvaasingafariri? Ndezvipi zvaakakomenda? Wava kufungei nezvaKassra, zvichibva pamaonero awava kumuita? Une maminiti ekuita izvi. Gadzirira kuzoudza vamwe vese pakupedzisira!

Kumbira boka rimwe nerimwe ritaure.

Vanhu vangangova muupenyu hwaKassra:

1. Amai vaKassra, avo vanogara vachinetseka nezvekuti mwana wavo akachengeteka here.

2. Shamwari yepamwoyo yaKassra, iyo inovimba naye chaizvo.

3. Mumwe musikana anodzidza pachikoro chiri pedyo, asingazivi Kassra.

4. Mudzidzisi waKassra.

5. Mumwe munhu ari kufunga kupinza Kassra basa.

Bvunza Vadzidzi Vako

Ndezvipi zvimwe zvinhu zvamasiyana maonero uye mafungiro maererano naKassra?

Munofunga kuti maonero akasiyana aya avapo nemhaka yei?

Munofunga kuti zvamabuda nazvo izvi zvakarurama here? Nemhaka yei / nemhaka yei zvisina kudaro?

Ungafunga pakamboitika zvakadai kwauri here — kuti mashoko akafanana akatorwa

nenzira dzakasiyana nevanhu vakasiyana?

Bvunza Vadzidzi Vako

Vangani venyu vakambotadza kunzwisisana nevabereki venyu / vanokurerai? Shamwari?

Vangani venyu vanoshandisa indaneti pakukurukura nevamwe? Unombofunga nezvekuti vamwe vanhu vanokuona sei here kana vakaona nhoroondo yako?

Wati wambodzima kana kuzvibvisa pamashoko kana mufananidzo wawakanga waiswa here (pangava pamifananidzo, pamavhidhiyo, pamashoko akaitwa zvekunyorwa)? Nemhaka yei?

Kudzamisa Pfungwa Panyaya Yemafungiro

Chikamu Chekutanga

Udza Vadzidzi Vako

Funga nzira dzakasiyana-siyana dzinoshandiswa nevamwe vanhu kuti vakuzive.

Bvunza Vadzidzi Vako

Unoita zvinhu nenzira yakasiyana kana uine vanhu vakasiyana-siyana here? Unotaura nevabereki vako / vanokurera kana vadzidzisi sekutaura kwaunoita neshamwari dzako here? Nemhaka yei / nei zvisina kudaro?

Udza Vadzidzi Vako

Tese zvedu tinochinja zvatiri zvichienderana nekuti tiri kupi uye kuti ndiani watinaye.

Pabasa iri, tichakurukurawo kuti unoita sei paunenge uri paindaneti, kunyanya panzvimbo dzekukurukura nadzo, uye kuti vamwe vanhu vangakuona sei nenzira dzakasiyana-siyana zvichienderana nemafungiro avanoguma vava nawo.

Bvunza Vadzidzi Vako

Zita raunoshandisa paindaneti rinosiyana zvichienderana nekuti uri kutaura nani here? Semuenzaniso, kana pari paFacebook unogona kushandisa zita rako chairo, asi unoshandisa zita rako chairo padzimwe nzvimbo dzose dzepaIndaneti here?

Ndedzipi nzvimbo dzepaindaneti dzausingashandisi zita rako chairo kana kuti dzaunoshandisa zita remadunhurirwa? Nemhaka yei?

Unofunga kuti mashoko aunoudza vamwe paindaneti anoratidza zvauri chaizvo here? Unofunga kuti zvawakaisa panzvimbo dzekukurukurirana nadzo zvinotaura chokwadi chese nezvako here? Unoda kuti zvidaro here?

Bvunza Vadzidzi Vako

Vanhu vanokuona semunhu akaita sei dai vaizoona mamwe mashoko nezvako? Semuenzaniso, mafungiro evabereki vako / vanokurera angachinja here dai kuri kuti vaona zvese zvaunoita uri pane imwe nzvimbo yepaindaneti, asi zvausingaiti pane imwe yacho?

Pane zvimwe zvaunoisa paindaneti zvaunoviga here? Nemhaka yei?

Bvunza Vadzidzi Vako

Nhasi tataura zvakawanda nezvemafungiro angaita vamwe vanhu. Zvichibva pane zvatakurukura izvi, nhasi ndechipi chinhu chimwe chete chawadzidza nezvemafungiro anoguma aita vanhu?

Ndeipi imwe nzira iyo mafungiro evanhu anogona kuchinja nayo maonero avanoita mashoko? Ungataura chimwe chakabva kuitika here chinoratidza kuti izvi ndezvechokwadi? Mafungiro atinoguma tava nawo akakosha sei muupenyu hwedu, uye akakosha seiwo panhau?

Basa Rekuita

Chikamu Chekutanga

Basa Rekuita

Kumbira vadzidzi vaite izvi:

1. Kutora mufananidzo wezvakaiswa paindaneti [ungava mufananidzo, vhidhiyo, kana mashoko akanyorwa] (zvinogona kuva zvechero mumwe munhu).

2. Vasarudze vanhu vatatu zvichienderana nezvakaiswa paindaneti zvacho (sekuti shamwari, nhengo yemhuri, mudzidzisi), uye pamunhu ega ega, votsanangura mukandima kapfupi kuti munhu iyeye angaguma afungei nezvemashoko aya.

Mumaminiti 10 ekupedzisira, kamura vadzidzi kuva muzvikwata zvevaviri vaviri, vokurukura nemumwe wavo chero nzira mbiri dzavanofunga kuti zvinoguma zvafungwa nevamwe zvakakosha sei kubva pamufananidzo wavasarudza.

Zvidzidzo izvi muri kuzvipiwa neYouth and Media paBerkman Klein Center for Internet & Society at Harvard University pasi perezenisi reCreative Commons Attribution-ShareAlike 4.0 International. Unogona kuzvishandisa, kusanganisira kukopa,zvingava zvekuti uwane mari kana kuti kwete, chero bedzi uchitaura kuti mashoko acho ari kubva kuYouth and Media woashandisa maererano nemitamo yacho. Zvidzidzo izvi zviripowo paindaneti paPeji yeBerkman Klein's Digital Literacy Resource.